



Pou Piblikasyon Imedya: 22/09/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL, MAJISTRA ADAMS, REPREZANTAN GOLDMAN AK SENATÈ GOUNARDES ANONSE ADOPSYON YON PLAN VIZYON ISTORIK 3.5 MILYA DOLA POU TRANSFÒME TÈMINAL MARIN BROOKLYN LAN POU TOUNEN YON PÒ MARITIM MODÈN, KREYE YON NOUVO KOMINOTE, DINAMIK AK POU ITILIZASYON MELANJE BÒ LANMÈ**

*Transfòmasyon an gen ladann yon investisman 65 milyon dola Eta a pou sipòte ak ankouraje kwasans lojman abòdab epi pou bati yon sant depo frigorik sou sit la alavni*

*Plan anbisye a se pou bati yon pò modèn elektrik nèt ki nan 24 ekta, 6,000 kay, 11 ekta nouvo espas louvri, plis pase 20,900 mètr kare espas endistriyèl, mezi rezilyans, ansanm ak espas dedye pou travayè, kominote, ak kilti*

*Investisman ak reyamenajman yo prevwa yo pral jenere plis pase 18 milya dola enpak ekonomik, kreye 37,000 djòb nan konstriksyon ak 2,000 djòb pèmanan nan domèn maritim, endistriyèl, komèsyal ak rezidansyèl*

*Plan an, ke plis pase de tyè nan Gwoup Travay BMT a apwouve apre yon ane gwo angajman avèk plis pase 4,200 manm kominote ak pati konsène, kounye a ap pase nan revizyon anviwònman, kreye yon Gwoup Travay Konsiltatif pou rafine plan an epi kontinye angajman kominote a, epi lanse yon RFEI pou optimize pò a*

Gouvènè Kathy Hochul, Majistra Eric Adams, Reprezantan Dan Goldman, Senatè Andrew Gounardes, Prezidan Awondisman Brooklyn Antonio Reynoso ansanm ak Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Devlopman Ekonomik Vil Nouyòk (New York City Economic Development Corporation, NYCEDC) Andrew Kimball jodi a anonse Gwoup Travay Brooklyn Marine Terminal (BMT) apwouve yon plan vizyon istorik pou transfòme BMT an yon pò maritim modèn epi kreye yon kominote dinamik ak pou itilizasyon melanj sou bò lanmè Brooklyn nan. Avèk yon investisman 65 milyon dola Eta a pou sipòte kwasans lojman ak bati yon sant depo frigorifik pou lavni sou sit la — pou yon investisman total 410 milyon dola gras ak gouvènman vil, eta ak federal yo — pwojè a pral transfòme tèminal marin ki degrade a pou vin yon pò maritim 24 ekta, elektrik nèt ki ka, yon lòt fwa, sèvi kòm yon motè ekonomik enpòtan pou kominote a. Anplis yon pò revitalize, plan ki apwouve jodi a ap kreye tou 6,000 nouvo kay — ladan yo 2,400 inite abòdab pèmanan — ansanm ak 11 ekta espas piblik, 25,550 mètr kare

(275,000 pye kare) espas komèsyal, 23,230 mètr kare (250,000 pye kare) espas pou enstalasyon kominotè, ak 20,900 mètr kare (225,000 pye kare) espas endistriyel lejè ak endistriyel. Plan an, ki kouvri yon total 49 ekta, ap pote tou amelyorasyon enpòtan nan rezilyans ak enfrastrikti pou zòn nan pandan li pral jenere yon enpak ekonomik estime a 18 milya dola, 37,000 djòb tanporè nan konstriksyon, ak 2,000 djòb pèmanan. Plan Vizyon an, ke Gwoup Travay BMT la adopte, sèvi kòm baz pou tout investisman ak reyamenajman nan BMT nan lavni.

"Vizyon an, ki anbisyè, e ki vo 3.5 milya dola, pral transfòme Tèrminal Marin Brooklyn nan pou vin yon sant maritim modèn, elektrik nèt, ansanm ak yon nouvo katye k ap devlope — k ap pote djòb byen peye, kay abòdab, ak sèvis piblik pou jenerasyon k ap vini yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Eta Nouyòk fyè pou l kanpe ansanm ak Vil la pou fè investisman sa a, ki rive yon sèl fwa nan yon jenerasyon, nan bò lanmè nou yo, nan ekonomi nou, ak nan kominote nou yo. Ansanm, n ap pwouve kwasans, rezistans ak ekite sa a ka mache men nan men."

**Majistra Vil Nouyòk la, Eric Adams, te deklare,** "Jodi a, vil nou an fè yon gwo pa nan direksyon lavni. Lè nou apwouve plan vizyon 3.5 milya dola sa a, n ap transfòme yon tèrminal marin degrade pou vin yon pò maritim modèn pandan n ap kreye plizyè milye kay abòdab ak plizyè dizèn milye djòb byen peye. N ap bay espas louvri vil nou bezwen an epi kenbe Nouyòk nan tèt ekonomi vèt la. Depi plizyè ane, moun ki negatif yo t ap di nou epòk gwo lide ak inisyativ anbisyè yo fini, men Vil Nouyòk ap montre yo ke yo twonpe yo. N ap transfòme bò lanmè nou an nan yon "Pò Lavni" epi louvri opòtinite pou jenerasyon k ap vini yo. Lè m te antre an fonksyon, mwen te pwomèt pou 'Fè Bagay yo Avanse,' e jodi a, n ap fè sa nan yon fason enpòtan. Mèsi a tout manm Gwoup Travay BMT a ki pran responsablite yo oserye, epi tou bay tout manm kominote ak ekspè ki te pote opinyon yo pandan tout pwosesis la."

**Reprezantan Dan Goldman te deklare,** "Pou premye fwa nan de jenerasyon, Tèrminal Marin Brooklyn nan sou chemen pou ankò vin tounen yon resous ekonomik, maritim, anviwònman, ak kominotè ki vital ak dinamik. Pandan plizyè deseni, pò a ak zòn ki antoure li te tonbe nan degradasyon, epi chak tantativ pou revitalize li te echwe. Jodi a, nou fè yon pa vrèman istorik pou finalman reyalize yon plan ki pral sove, modènize, epi elaji pò a, kreye yon sant endistriyel ak komèsyal pou lavni, adrese chanjman klimatik epi dirije inisyativ "blue highway" la, konekte katye nou yo ak bò lanmè la, epi bati plizyè milye kay abòdab pou konbat kriz lojman an. Mwen rekonesan pou tan, enèji ak efò tout manm Gwoup Travay yo te mete, kèlkeswa fason yo te vote, epi mwen rekonesan ke pwojè sa a ki santre sou kominote a te kapab reyalize anpil bagay pou anpil moun. Mwen pa ka tann pou m kontinye travay ansanm ak kolèg mwen yo, Vil la, Eta a, ak EDC pou bati yon avni pi klere pou bò lanmè Brooklyn nan."

**Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare,** "Jodi a make yon etap enpòtan nan transfòmasyon tè piblik ki prèske pa t itilize pandan lontan pou tounen yon sant opòtinite ak kwasans enklizif. Empire State Development fyè dèske li kolabore ak Vil la sou pwojè sa a, ki rive yon sèl fwa nan yon jenerasyon, epi ki pral katalize devlopman ekonomik, elaji lojman abòdab, epi kreye yon

bò lanmè ki pi rezilyan, konekte, ak dinamik. Nou pa ka tann ak antouzyas pou travay nan tèt kole ak kominote a pandan tout pwosesis Plan Jeneral Pwojè a pou reyalize vizyon anbisye sa a."

**Majistra Adjwen pou Lojman, Devlopman Ekonomik ak Mendèv, Adolfo Carrion, Jr., te deklare,** "Jodi a, se yon jou istorik pou Vil Nouyòk. Gwoup Travay Brooklyn Tèminal Marine la, ki gen ladan eli nan nivo vil, eta, ak federal, ansanm ak reprezantan ki soti nan katye lokal rive nan ajans rejyonal yo, te vote pou avanse plan vizyon 3.5 milya dola pou kreye yon pò modèn, elektrik nèt ki gen 24 ekta tè ak yon kominote melanje ak 6,000 inite lojman nan kè "Pò Lavni" an. Mwen apresye epi remèsye tout manm Gwoup Travay BMT a pou travay di yo nan pwosesis planifikasyon an pandan ane ki sot pase a, epi mwen pa ka tann pou inogirasyon sou sit BMT la nan kèk ane sèlman."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYCEDC, Andrew Kimball te deklare,** "Apwobasyon Plan Vizyon Tèminal Marin Brooklyn nan se yon investisman istorik ak transfòmasyon nan avni ekonomik Vil Nouyòk — li louvri plizyè milye djòb, modènize enfrastruktir kritik, epi kreye yon bò lanmè rezilyan, pou itilizasyon melanje epi ki ankouraje kwasans enklizif. Plan sa a pozisyone vil la kòm yon lidè nasyonal nan inovasyon maritim pandan li pote benefis dirab pou kominote Red Hook la ak lòt zòn tou. Mwen ta renmen eksprime pi gwo rekonesans mwen anvè tout gwoup travay la pou angajman fèm yo pou kolabore ak NYCEDC pou kreye gwo vizyon sa a."

**Senatè Andrew Gounardes, te deklare,** "Pandan plizyè deseni, Tèminal Marin Brooklyn nan te tonbe nan degradasyon e li te vin tounen yon baryè ant kominote nou yo ak bò lanmè a. Kounye a, nou gen yon opòtinite inik pou transfòme tèminal la an yon bagay ki vrèman satisfè bezwen nou yo: yon katye pou itilizasyon melanje ak yon pò modènize, nouvo pak, espas endistriyèl ak kominotè, epi plizyè milye nouvo kay abòdab. Sa a se yon pwojè konplèks ak anpil patnè diferan, e plan vizyon sa a reflekte anpil bon lide ak desizyon difisil ki sòti nan pwosesis Gwoup Travay la. Si nou serye sou kreye yon vil ki travay pou nou tout, nou bezwen vrèman fè bagay yo avanse. Plan sa a se yon etap enpòtan nan reyalize sèlman sa."

Plan Vizyon BMT ki apwouve jodi a pral transfòme yon tèminal marin degrade pou vin yon pò modèn, elektrik nèt pandan l ap kreye plizyè milye kay ak plizyè dizèn milye nouvo djòb.

[Gwoup Travay BMT](#) a — ki prezide pa Reprezantan Ameriken Dan Goldman epi ki ko-prezide pa Senatè Eta Nouyòk Andrew Gounardes ak Manm Konsèy Vil Nouyòk Alexa Avilés — gen ladan li yon gran varyete ekspè, tankou ofisyèl eli federal, eta, ak lokal, konsèy kominotè lokal la, òganizasyon rezidan lokal yo, patnè nan domèn maritim ak endistriyèl, sendika, òganizasyon planifikasyon ak jistis anviwònman, ansanm ak reprezantan nan kominote biznis lokal la. Gwoup Travay BMT a vote an favè yon Plan Vizyon ki kreye yon kad jeneral nan nèf domèn distenk:

- **Pò:** Dapre plan an, BMT pral transfòme an yon pò modèn ak dirab 24 ekta tè, elektrik nèt, ak yon nouvo waf majinal pou ankouraje transpò machandiz soti nan dlo pou ale nan dlo, retire kamyon sou lari lokal yo ak wout Vil Nouyòk yo, epi sèvi kòm yon ne kle nan inisyativ "Blue Highways" administrasyon Adams lan pou deplase plis machandiz atravè kouran dlo vil la.
- **Lojman Abòdab:** Plan an pral ofri 6,000 inite lojman sou sit la, kote 40 pousan, swa 2,400 inite, ap rete abòdab yon fason pèmanan ak yon mwayèn revni 60 pousan nan Revni Mwayen Zòn nan. Yon total 200 inite abòdab ap rezève sou sit la pou rezidan Red Hook Houses East ak West Otorite Lojman Vil Nouyòk (New York City Housing Authority, NYCHA). Anplis de sa, yon fon 75 milyon dola pral kreye pou konsève oswa bati inite abòdab deyò sit la nan Konsèy Kominotè 6, epi 200 milyon dola pral repati pou NYCHA Red Hook Houses East ak West.
- **Basen Atlantik:** Tèrminal Kwazyè Brooklyn nan pral reyamenaje tou ak nouvo espas piblik ouvè, espas endistriyèl ak komèsyal, ansanm ak yon otèl 400 chanm, sa ki pral transfòme zòn ki antoure Waf 11 ak Waf 12 pou tounen yon distri destinasyon atiran sou kòt la ki ouvri pou kominote a.
- **Endistriyèl:** Plan an pral kreye plis pase 25,550 mètr kare (275,000 pye kare) espas endistriyèl disponib ak lwaye rabè, plis pase 25,550 mètr kare (275,000 pye kare) espas komèsyal atravè sit la pou dinamize epi sipòte koridò komèsyal kominotè yo, ansanm ak yon fon devlopman 10 milyon dola pou sipòte sektè endistriyèl la nan katye a an jeneral.
- **Edikasyon ak Mendèv:** Plan an ankouraje yon estrateji konplè pou mendèv la, ki gen ladan yon Akò Travay Pwojè; anbochaj kominotè ki sible; yon sant aprantisaj eksperyans mondyal dedye nan Waf 11; ansanm ak finansman pou etabli yon rezo mobilite ekonomik nan Red Hook ak yon pwogram preparasyon karyè maritim pou rezidan NYCHA Red Hook Houses East ak Red Hook Houses West. Plis pase 23,2230 mètr kare (250,000 pye kare) espas enstalasyon kominotè ak espas kiltirèl, ki gen ladan espas pou yon nouvo lekòl piblik nan BMT North, ap enkli tou.
- **Espas Ouvè:** Plan vizyon an gen ladan 11 ekta tè espas piblik ouvè ak apeprè 1.6 km (1 mil) nouvo aksè piblik sou bò lanmè a ak yon chemen vèt.
- **Rezilyans:** Plan an prevwa yon estrateji rezilyans konplè, ki gen ladan yon sit elve pou pwoteje kont ogmantasyon nivo lanmè nan lavni, yon miray kont inondasyon ki fèt pou reziste a yon tanpèt 2,100, sou 100 ane, epi jesyon dlo lapli sou sit la.
- **Koneksyon ak Transpò:** Plan an mete pyeton ak transpò piblik an premye, li bay mobilite pyeton priyorite pandan li amelyore vitès otobis pou rive nan destinasyon pasaje yo epi diminye trafik kamyon. Li pral gen ladan lari pyeton, okenn limit maksimòm pou pakin, garaj atravè distri a, sant mikwo-mobilite ak transpò machandiz, liy otobis priyoritè, sèvis transbòdè ki ogmante, ak yon angajman 50 milyon dola pou sèvis navèt elektrik kòm yon pon pandan Otorite Transpò Metwopoliten an evalye retablisman sèvis otobis istorik tankou B71, oswa etablisman sèvis otobis amelyore ak/oswa nouvo pou ogmante mobilite nan katye yo ak ant katye yo.
- **Gouvènans ak Aplikasyon:** Plan an pral kreye yon nouvo antite legal — Brooklyn Marine Terminal Development Corporation (BMTDC) — pou reyalize

plan vizyon an, asire devlopman an finansyèman dirab ak ka sipòte tèt li, epi aplike yon reyamenajman etap-pa-etap ki pote benefis kominote an patenarya ak devlopman pou itilizasyon melanje a. Konsèy BMTDC a pral gen reprezantan kominote lokal la, tankou NYCHA Red Hook East ak West, ansanm ak ekspètiz nan domèn maritim ak endistriyèl.

Nan semèn k ap vini yo, NYCEDC pral fòme yon Gwoup Travay Konsiltatif Tèminal Marin Brooklyn pou gide pwojè a atravè revizyon anviwònman ak devlopman yon Plan Jeneral Pwojè. NYCEDC pral kontinye angaje kominote a ak nouvo gwoup travay sa a pou rafine detay plan sit la, ki pral finalman mennen nan piblikasyon yon pwojè Deklarasyon Enpak sou Anviwònman atravè NYCEDC epi apwobasyon yon pwojè Plan Jeneral Pwojè atravè Empire State Development an 2026. NYCEDC vize pibliye premye demann pou pwopozisyon pou yon operatè pò alontèm anvan fen ane 2026.

Gouvènè Hochul rete angaje nan kwasans ekonomik ak lojman nan Vil Nouyòk, espesyalman nan Brooklyn.

- Nan me 2024, Gouvènè Hochul [te anonse](#) tou yon angajman 15 milyon dola pou yon etablisman estokaj frigorifik alavni sou plas. Mank estokaj frigorifik nan Red Hook te kontribye nan sikilasyon, polisyon, ak lòt enkyetid sou kalite lavi yo pandan y ap transpòte machandiz ki ka gate pou antre ak soti nan Brooklyn. Finansman sa a baze sou pwogram alontèm Gouvènè Hochul pou amelyore kalite lavi nan Brooklyn ak nan Vil Nouyòk.
- Nan jen 2025, Gouvènè Hochul [te anonse](#) ke Queen One, Inc., yon konpayi teknoloji komèsyal vizyonè, pral etabli nouvo biwo santral li nan 25 Kent Avenue nan Williamsburg, Brooklyn, nan kad yon kontra lwaye pou 10 ane. Enstalasyon apeprè 280 mètr kare (30,000 pye kare) a, reprezante yon investisman pou plis pase 10 milyon dola nan envestisman kapital epi espere kreye 600 djòb atanplen nan domèn teknoloji avanse pandan l ap jenere 67 milyon dola nan investisman pou rechèch ak devlopman pandan senk ane k ap vini yo pandan konpayi an ap konstwi platfòm komès elektwonik pwochen jenerasyon li. Avèk sipò 6 milyon dola nan kredi taks Empire State Development nan kad Pwogram Travay Excelsior (Excelsior Jobs Program) ki baze sou pèfòmans, biwo santral sa a make yon etap enpòtan pou avanse lidèchip Nouyòk nan inovasyon, kreye djòb, ak ekonomi dijital la.
- Nan mwa jiyè 2025, Gouvènè Hochul [te anonse](#) jodi a ke konstriksyon ap kòmanse nan Faz 1A Innovative Urban Village (Vilaj Iben Inovatif), yon devlopman lojman abòdab ki gen 385 inite ak espas komèsyal pou yon magazen manje fre nan katye East New York nan Brooklyn. Pwojè 270 milyon dola a fè pati redevlopman konplè kanpis Sant Kiltirèl Kretyen (Christian Cultural Center) an. Bidjè yo te adopte pou ane fiskal 2025 ak 2026 yo te ranfòse tou Pwogram Kominote an Favè Lojman Gouvènè a — ki pèmèt lokalite sètifye yo jwenn aksè eksklizif ak jiska 750 milyon dola nan finansman diskresyonè Eta a. Kounye a, plis pase 300 kominote te resevwa sètifikasyon an Favè Lojman, enkli Vil Nouyòk.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)